

Kan 5 Benefisyè OIM

TRANSKRIPSYON FOKIS GWOUP KAN #5

Dat transkripsyon: 24 Fevriye-29 Fevriye 2016

Patisipan

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM:

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM:

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM:

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM:

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM:

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest:

ENTWODIKSYON

Kisa yo te fe pou ou pou te ka soti nan kan ?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Avan tou m'salye nou menm ki sou tab la mwen menm mwen se Oge Evenson eee mwen te loje nan on kan ki Kriswa.* (Bri bagay ki ap frappe ak moun k'ap grate goj) *Bon difikilte nou te rankontre nan kan an, nou fe plizye m'ka di ane avan ke nou te vin resi leve nan kan an. Men sa'k te pi di pou nou se le ke OIM rele nou epi yo di ke y'ap ban nou akonpayman pou ke nou leve nan kan. Nou pa gen pwoblem pou'n leve nan kan nomalman. Se pa la nou rete pase nou te rete. Kay te deja kraze pat gen mwayen anko tout bahay pedi. Eeee men mwayen yo te bay la sa pa sifizan vreman. Imagine'w yon moun ou fe on fem kay 1 an, 1 an pral fini pa gen travay pa gen anyen n'ap fe. E yo di'w ke y'ap baw yon yon lot akonpayman, akonpayman sa yo ba'w la li pa reprezante anyen. M'ka menm*

dil ki se 1000 dola. (Yon fi di: 1000dola, an goud pou'w pale wi moun yo ka panse se dola ameriken wi.) 1000 dola kisa'w pral fe a 1000 dola nomalman? Nou jwenn li nou pran'l men se pa anyen, li pa reprezante anyen. Moun ki te lekol pa ka al lekol .Sa'k te gen kay kay kraze yo pa ka refe yo. Bon nou te jis pwopoze yon lot bagay, pou yo te cheche yon teren, pou yo te fe yon, chak moun te ka benefisyé yon bagay ou te ka genyen'l ou menm ou ta bat zel ou on lot jan. Men yo pa'tfe sa se sa yo te chwazi fe.

Ou di si yo te ban nou yon teren li t'ap pi bon pou nou?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Wi, li t'ap pi bon pou nou pase le'w fin fe on fem 1an apresa ou met di'w e mete yo mete nou nan lot(Nan on lot tant.) difikilte a anko. Pou nou kraze tet nou kounya la pou'n fe jann konnen pou'n bat may nou pou ke nou, nou rekonti,nou renouvre. Ee kontra fem nan anko si'n pa ka fe'l met kay la oblige mete'n deyo. Men le sa kounya la katastwof pi mal pi red. Sa vle di se tout pwoblem sa yo.*

Poukisa yo te ban nou 1000 dola sa ekzakteman?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, 1000 dola a bon sa pral depann (Epa 1000 dola vet non.) dola Ayisyen? Non goud ,goud ,goud,5000 goud,goud,goud. 5000 goud, 5000 goud. Si moun nan di l'ap brase 5000 goud m'garanti'w sa pa'p pote anyen. Li pa'p pote fwi nan yon peyi tankou Haiti. On peyi di konsa ,sa vre nou pa'p ka fe anyen ave'l. Mwen menm sa'm te fe a pa'm nan ? Bon, mwen menm aktyelman kounya la m'ap fe karelaj men sa pa't sifi e mwen menm ki mete res kob la. Fe jan'm konnen, m'fe jan'm konnen. Defwa m'pa menm ka swiv kou. Ou we sa'm di'w la? Gen de le bon se chans yo ban mwen yo kite'm pase yo di bon nou ka konprann bahay yo. Jiskounye m'pa janm pran diplom.*

Kisa w'ap etidye?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Karelaj, m'fini ladan men menm gradye m'pat gradye ladan m'pa pran diplom anyen. Tou senpleman m' te pran on bilten senpleman, tout bagay mwen rete.*

Kisa karelaj la ye?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Seramik*

Ou pokò komanse travay sou sa?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Bon m'jwenn ti bahay tou piti men gwo bahay yo pokò deklannche. Ou pa konprann? Ou konprann sa'm di'w la? Nou pokò ka jwenn enjenye pou'n adapte nou ave yo.*

Eske se OIM ki te peye kou a pou ou?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non.*

Ou peye yon pati a kob li te ba ou a epi ou peye res la?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Wi, mwen fe manev pa'm epi mwen aprann li.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Ok mwen se Venante Eloissaint. Sa Evenson di t'ap tre bon. Si yo te tankou fe on teren epi yo te met ,yo te tankou bati sou li epi yo te di peye chak 1 an. nNap peye yon yon pati jiiskaske nou fin peye'l. M'panse'l t'ap pi bon ke le yo peye 1 an kay pou nou apre nou nan lari pa gen kob. Peyi a pa gen travay.*

Yo pa't fe fomasyon avek ou?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Bon menm jan, e menm kote nou te nan menm, nan menm.*

Nou te nan menm kan?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi nan menm kan.*

Nou tout ki la a soti nan menm kan? Nou youn konnen lot?

Piblik: *Wi. Sof de moun sa yo.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Sel mwen menm, sof mwen menm*

Sel oumenm ki pa soti nan menm kan avek yo?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Non m'pa sot nan menm kan ansanm ave yo.*

Nan ki kan nou te ye?

Piblik: *Kan Boula, kan Boula, Kriswa, sou mon Akasya.*

Ok OIM pa't fe fomasyon avek nou?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Bon yo te di ke y'ap retounen g'on bagay pou ba nou apresa y'ap ban nou 1000 dola. Apresa m'te vin benefisyé yon lot 10.000 goud mwa'd, mwa'd, Novanm. M'byen kwe e te an Novanm yo te banm 10.000 goud.*

Anko? Sa vle di an premye lye yo peye kay lan pou nou ?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi, apresa yo te vin rele nou men genle se on pati moun ki te patisipe ladann.*

Donk yo te bay yon dezyem kob?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi, m'pa konn si tout moun te patisipe.*

Eske yo te ban nou fomasyon sou teknik pou nou fe komes?

Piblik: *Non. Nou pa't jwenn sa. Yo pat fe bahay sa yo.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Le ke yo te vin pase yo te di y'ap prete moun kob pou yo fe komes an atandan men pou'w bay entere a, pou'w pot entere a nan biwo a jiskaske'w fin peye. Men se pa tout moun ki te jwenn li.*

Ou te jwenn li oumenm?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non, epa tout moun ki te pran kob paske yo te bay on dele pou'w te vin peye ant chak 15 jou konsa m'sonje. Pou'w vin bay koman? Entere kob la.*

Komsi se te yon sot de mikwo kredi yo t'ap fe avek nou?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi*

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *M'sot nan lakou Mouzen, kan Mouzen deye do Capitol. M've yo komanse a on pwoesis, yo komanse peye 2zyem tranch lan pou moun nan apre'm we'l kanpe. M' pa konn poukisa.*

Yo pa't ba'w 2zyem tranch kob la?

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Yo komanse apresa yo kanpe.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Eske oumenm ou te jwenn?*

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Non, non m'poko benefisye.*

Poukisa kob sa yo ye ekzakteman?

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Premye fwa a ou peye kay, 2zyem fwa a pou yo double anko. Yo komanse apresa yo kanpe.*

Eske yo te ba'w fomasyon oumenm?

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Non non*

(Li pa yon benefisye li vini la ansanm ak se'l)

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *M'te nan kan an tou men yo pokole'rem se madan'm mwen'k te benefisye 1 nan kay la, madanm mwen.*

Nou ansanm?

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Ansanm wi.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Tankou pou mwen menm m'te nan kan nan Mouzen. Yo te leve'm, te gen on ekip ki t'ap pase bay on vizit, vin we moun ki malad epi'm te gen on ti bebe ki te gen 3 mwa. Pwela a telman te cho kote'm te ye a li te ba'l on ekip gwo boul nan fwon'l epi yo te di'l pa posib pou'm te rete la. Epi yo te fe'm al lopital ave'l. M'te ale nan sant Jeskhio ave'l yo te di li fe tibekiloz akoz zon nan vreman pa't bon on ti bebe 3 mwa te fe tiberkuloz. Epi'm fe 6 mwa tretman ave'l e e Jeskhio pou tibekiloz la. Yo te ban mwen (yon moun touse) 4000 dola. Yo te vin leve'm yo di'm yo pap ka tann. Mas ane pase sa vle di mwa'd Mas sa pral fe 2 zan depi yo te leve'm. Yo di ti bebe sa pap ka rete nan kan paske li te vreman pa bon nan sibi tiberkuloz yo te leve'm. Depi le yo fin banm 4000 dola yo te,m'al anfeme chanm kay lan yo pa janm rele'm anko, yo pa janm vizite'm, yo pa janm di'm anyen. Yo te gen on lot 1000 dola pou yo te bay m'pat menm jwenn li. Yo rele'm yo dim yo voye 1000 dola le'm al nan bank lan g'on ere'k fet. Pou yo mete Presumé yo mete Prezimé epi'm rele menm moun nan'k te dim 1000 dola a vini li di'm l'ap pase'm on lot moun. Pase'm lot moun pase'm lot moun jiska prezan m'pa janm jwenn 1000 dola m'pa janm jwenn apel. Yo pa janm rele'm yo pa janm di'm ayen anko. Men yo te di'm akoz de timoun nan'k tuberkuloz la y'ap trete ka pa'm nan yon lot fason. Paske se 2 timoun m'genyen tou le 2 te nan tretman pou tuberculoz. Si'w we po yo gate net avek bouton, gwo boul bouton, jiska prezan yo pa janm soti sou yo. Epui kontak ki te komanse banm kek medikaman le'm rele yo m'pa janm jwenn yo. Egal la m'pa konnen. Yo pa janm rele'm. Yo pa janm di'm anyen. Gen moun yo peye kou pou yo. Yo pa janm rele'm pou kou a. Yo pa janm di'm anyen menm. Sa vle di'm pa gen kontak, m'te jwenn seulman 4000 dola seulman apresa m'pa janm jwenn anyen anko.*

Ou pa jwenn kou tou?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Ni kou ni anyen, ni reyinyon. Tankou'm tande gen moun yo konn vizite yo yo pa janm vizite'm anyen. Sa vle di kote'm te ye a fem nan bout m'gentan kite'l. Mas ane pase m'gentan refe 1 nan anko nan on lot tant. Sa vle di yo vin ap leve moun yo men m'pa patisipe nan kob non, sa vle di g'on, manman'm te nan tant yo potko leve'l. Le'm vin pa ka peye 2zyem fem nan m'vein al jwenn manman'm. Kounya le y'ap leve manman'm m'vein leve ansanm a*

manman'm. Kounya la m'nan on m'nan on kay ansanm avek manman'm. Kounya men fem nan bout la e sou delè nou ye. Kounya la nou pa konn kote'n pral voye ko nou a kote nou pap voye ko nou. Kounya s'on ti te nou genyen n'ap cheche mwayen pou'n we si'n ka met'on tant sou li pou'n al ladann. Paske moun ki te reponn l'ap fe nou jwenn on mwayen pou'n peye kote a nou pa jwenn kontak moun nan anko. G'on moun ki te di'm ee poukisa'm pa ale nan OIM pou'm al di m'poko jwenn kob dutou. M'di m'pa konn ki kote pou'm ale m'pa konn nan ki buwo pou'm ale direkteman. Egal a se konsa. Eeee m'gen met kay la di'm kom peyi a on jan bagay apre 7fevriye pou'm di'l kisa m'ap fe pou'm ka remet li. Kom m'tande g'on lot pwosesis ki vini m'pa konnen si'm t'ap ladan a si'm pap ladan. Men m'pa ret kwe m'ka ladan paske le y'ap leve moun nan Mouzen an m'pat ladan pase mwen menm m'te gentan leve depi Mas ane pase anwo m'te gentan leve. Sa vle di le'm te nan Mouzen an selman yo te leve'l akoz de ti bebe a ki te malad la yo te fem leve. Yo te banm 4000 dola pou'm t'al on lot kote. Depi le sa m'pa janm jwenn vizit gen moun yo di yo vin vizite yo,yo vin lakay yo mwen m'pa janm jwenn sa pou jiska prezan . Yo pa janm rele'm, yo pa janm di'm anyen.

Ok n'ap pale de sa anko.

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, Help Age: *Mwen menm m'se Mondesir Jules Emmanuel. M'te, m'te, m'te resevwa chok le jou sa nan senti'm jou 12 Janvye a. E'l toujou ap m'toujou ap banm pwoblem. Paske gen de lè ou we m'ka chita fo'm kanpe pou'l pa fe'm mal anpil. Se sa'k fe'm toujou sou konprime. Men le'm te di yo, yo te vin fe reyinyon ave nou, m'di bon si an efe eee leta oubyen OIM te bay on moun possiblite vale te ki, li t'ap pi satisfe pou mwen paske le'w lwe on kay pou 1an, 1an e 12jou'l ye pase'w pa nan travay e toujou menm problem nan. Se komsi'm ta di'w pito'w te ret nan kan an toujou. Men ret nan kan an ou soufri anpil ou vin resevwa anpil e bahay anpil problem. Paske kan an e avek pwela'l fet. Sa pemet ou vin malad de tanzantan paske chale a vin pa two, bon gen moun nan tansyon jete yo detanzantan paske chale pwela a vin pa bon pou yo. Le fini an bet pase epa on bahay k'asire. Kounya la mwen emm le yo te vini yo te fin peye'l depi le a ou pa janm fe on djeb komsi pou'w ta jwenn pou'w f'on pou'w ta peye kay. Depi le a yo pa di nou anyen. Nou pa konnen si y'ap di a si yo pap di. Pase nou rive on moman se le'w we on bagay ou konnen e li k'ap k'ap bon verite.*

Ou pa gen te?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, Help Age: Non

Ok n'ap pale de sa tale

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Nou remesye nou Non pa mwen se Marcel. Mwen fe pati menm kan an. Bon m'kapab di nan moman ke OIM te abode nou ke li te, nou te nan vreman nesesite pou mwen menm. Paske nan le yo te vin rele nou an, yo te vin fe resansman pa nou an, ke sitou pa rapo a pozisyon kote nou te ye a ki te, ki te vreman dezagreyab. Pa rapo de kote nou te ye a se te bo lari nou te ye kote machin ap pase tout lajounen tout lannwit . Ke nou pa't vreman, vi nou pa't vreman m'ta di vreman an sekirite nan le kote ke OIM te vin fe resansman an. Tant yo ke'l t di l'ap fe on vesman l'ap peye 1an kay pou nou ki pa't komsi yon sale komsi ki te vreman enplorab men kan menm se te kelke choz pou nou menm pa repo de kote ke nou t'ap viv bo lari an. Men tou sa nou te kapab di vreman jan moun yo pale a se te sa ki nou menm ki te toujou nan panse nou. Nou di olye ke organizasyon an te panse komsi leve nou konsa komsi chak ane pou komsi pou'l ta ap rele nou ok, li redouble 1 an fem kay pou nou. Sa'k fe de preferans ke yo pa't chita yo te planifye yo te di ok nou gen dwa cheche on teren. Yo te konstwi sou li komsi yo te mete nou la sou teren sa. Komsi nou menm pa rapo a chak fwa si se 2 zan yo t'ap ban nou bo kote pa nou kom sipo. Apre 2 zan sa nou konnen kob kay nou fini nou menm nou te ka komsi apre jan yo ta ka fe'l la tankon pwogram si se pa mwa oubyen pa an oubyen chak 2 zan yo ka pase yo pran on sale nan men nou nou menm. M'panse li t'ap vreman yon satisfaksyon pou nou. Men nou te panse e te sa, e te konsa sa ta pralfet chak ane nou we (yon moun grate goj li) yo rele nou yo di nou ok yo renouve 1 an kay pou nou. Bon, bo kote kan Boula sa gendwa pokofet, gen kek moun sou lis la ki te komanse benefisyé on 2zyem ane. Men gen moun tou ki pokofet. Pou jis jounen jodi a pandan m'ap pale avek nou an la pokofet gen moun resevwa yon kout fil anko de plis de organizasyon sa. Se tout doleyans sa yo nou genyen bo kote pa nou. Bon pou plis m'panse ka gen plis anko plita m'panse ka gen de kesyon ki ka poze tou bon dan lavnir m'pa konnen.*

Ou pat jwenn fomasyon de manb OIM yo?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Non m'pat resevwa fomasyon.*

Yo jis ban nou kob pou nou anfeme kay?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Yo jis rele nou le yo fin fe resansman an, yo jis rele nou yo di nou ke y'ap peye 1an fem kay pou nou. Epi le yo fe transfe kob la, yo rele nou yo di nou ke kob la pre yo peye kay pou nou. Degaje nou kraze tant lan al nan, al abite nan kay yo.*

Yo baw kob la oubyen yo bay met kay la kob la?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Non se sou nom met kay la yo fe transfe a.*

Nou pat alez nan kan yo?

Piblik: *Non, jame, non.*

Nou pat gen avantaj?

Piblik: *Non nou pat gen avantaj.*

Bon nou te gen yon avantaj ki te le fet ke nou pap peye kay?!

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi, sel avantaj sa men nou pat byen viv.*

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Nou mal viv, moun sou moun, le fini bet ap monte sou ou, rat.*

Kan nou t'ap viv la nan menm zon nou t'ap viv avan tranbleman an?

Piblik: *Wi, menm zon nan, awi.*

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Tout bahay nou te pedi.*

Te ou genyen an ou te gentan genyen'l avan sa?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *M'fe on tant sou li men'w konnen kanaan, van an gentan kraze sa lontan.*

Kanaan sou wout 9?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Kanaan, kanaan sou wout 9*

Te sa se apre tranbleman an ou vin genyen'l?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi, se apre tranbleman de an.*

Avan tranbleman te a kote'w te anfeme kay?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi, anvan tranbleman te a nou te nan kay. Men kay la e te pou nou'l te ye men kay la kraze. Plasman kay la, kote'l te ye a pandan nou nan tant lan te gen kek ti avantaj ki te genyen nou te komanse vann kek ti bahay. Nou te komanse ap sanble on ti kob nou gentan leve on 2 ranje blok men depi le a nou kanpe la. Nou pa janm ka fe anyen ave'l anko. Nou pa ka ni avanse'l ni fe'l fe bak. Pase pandan nou nan fem sa la nou te di konsa si'n jwenn on ti bahay n'ap fini kote'n te komanse leve a. Pase Kanaan an pokovreman bagay, paske'w konnen'm gen 2 timoun piti. Imagine'w pran sekous tuberculose anba tant e jiska prezan bouton nan ko yo pokojanm vle soti pa gen on lopital m'al ave yo ki ka fe anyen pou yo. Epui nou vin gen on moun, on ti fre'm machin frape li mouri, anteman m'pa bezwen di'w. Jiska prezan nou pokofin peye anteman.*

Kile sa te pase?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Li gen 6 mwa wi mewi, mwa'd Jiye, Jiye wi ,Jiye la wi. Pandan nou pra'l, pandan li pral, on Dimanch apremidi li pral pote on manje ale kamyonet frape'l sou deyo lari kote'n rete a. Kamyonet la frape'l l'al lopital jeneral li fe 17jou lopital jeneral li mouri sou 17jou. Anteman, sa vle di tout bahay sa yo vin fe on sel esa'k fe'm di ,met kay la pran on ti pasyans pou nou paske li konnen koman bahay yo te ye. Lanmo vin fet tout bagay. Sa vle di w'ap viv nan on peyi pa vreman gen on bagay w'ap fe pa gen anyen. Si te gen possiblite te g'on travay ou t'ap fe ou te g'on bagay ou t'ap fe. Apre 6 zan tranbleman de te si te g'on bagay si te g'on bagay nan men'w, peyi a te ofri'w on bagay menm le'w pa ta gentan g'on, jan'w te ye a men ou te ka g'on 2 ti pyes kay .Ou gentan kanpe pou'w foure tet ou. Paske w'imagine'w peye ee ofri 4000 dola detanzantan pou ti pyes kay la,*

si m'pa, pa janm met nan tet nou sa prale long play. Pase anvan tranbleman de te ou te g'on ti bahay ou t'ap fe, tranbleman de te vin pase'l kraze'l. Imagine'w kounyan la chak tan virus tranbleman de te a pase nan tet ou menm le'w we te a pa sekwe ou sekwe oumenm. Paske sa toujou nan tet ou. Imagine'w timoun ou jan'w te ye a ou vin pa konsa anko. Mwen menm nou konbyen k'ap viv ti kote nou ye a, on chanm. Mwen menm, manman'm, papa'm, 2 fre'm, 2 timoun piti k'ap viv. Lakoz yo te peye on kote pou mwen m'vin pa ka, m'vin on selfem nan m'vin pa ka kontinye anko. M'tounen m'al juwenn manman'm le yo leve manman'm yo peye chanm pa'l la pou li m'tou antre ladan.

Kisa ou te konn fe pou'w viv avan tranbleman an?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Komes, manman'm tou e komes li t'ap fe.*

Ki komes?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Duri, pwa, mayi moulen, lwil.*

Nou te konn ap vann ansanm?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Non manman'm fe komes pa'l m'fe komes pa'm. Men manman'm vann bannann, viv . Men mwen menm m'vann duri pwa mayi moulen, sa vle di nou te gen boutik.*

Anh, ou te gen boutik?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, gyem ane, IOM: *Wi ,anvan tranbleman de te a m'te gen boutik. Pandan tranbleman de te a m'te ansent tranbleman de te a pase ee m'al akouche timoun nan fet tou mouri. Sa vle di sekous yo m'te pran chok. Bon Dieu pran timoun nan mwen menm li ban'm lavi. Men nou te konn vann duri pwa, mayi moulen nou te gen boutik. Nou vann bagay glase esa'n te*

konn fe. Apre tranbleman de te a pandan nou nan tant lan toujou (Bri yon moto ki ap pase ki ap klaksonnen.) nou te conn ap fe ti degaje nou vann ti bagay. Se le'm vin tonbe ale nan kay la, nou fin sot anba tant lan nou vin ale yo vin peye kay la pou nou m'panse ke nan 1000 dola yo t'ap bay la m'di m'te ka pran'l m'fon bahay ave'l m'pat janm te resevwa 1000 dola. epi ou konnen vin gen, 1000 dola, lot 1000 dola yo te bay pou komes la m'pat resevwa'l mwen menmyo pa't ban mwen'l.

Ok sa se 1000 dola yo te gen pou yo ba ou apre kob kay la?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Wi ,apre kob kay la 4000 dola a yo rele met kay la yo bay met kay la 4000 dola mwen menm m'te resevwa 200 dola pou bwote a men lot 1000 dola m'pat jwenn lot 1000 dola. Yo rele'm nan telefon yo di'm madam 1000 dola a disponib wi li nan bank lan pou'w al cheche'l. Le'm al cheche'l te g'on ere nan non an epi'm rele menm moun ki rele'm nan m'di:"Mesye m'pa jwenn 1000 dola a non m'rive nan bank lan yo di'm g'on ere nan non an se nou'k pou rele bank lan pou yo ban'm 1000 dola a". Epi monte desann di l'ap rele, l'ap rele chak tan'm rele m'pa janm jwenn.*

Kile sa te pase?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Mas ane pase, demil,demil trez-2013, 2013. Sa vle di depui 2013 la m'pa janm jwenn apel. M'pa janm jwenn visit. Yo pa janm rele'm anko. Yo pa janm di'm anyen.*

Ok, le nou fini ou ta ka ba nou non ou. Nou ta ka fe yo konnen ke nan fokis gwoup nou te fe a nou te jwenn yon ka kote gen yon ere ki te passe kote ke non'w te mal ekri. Yo te fe yon transfe pou ou ou pat ka jwenn kob la. Nou pa seten ke sa ka fe'w jwenn li men nou ka eseye fe sa.

E ou kisa ou te conn fe avan tranbleman an nimewo 2?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Bon mwen menm m'te toujou lekol pandan tranbleman de te a. Menm apre tranbleman de te a m'te nan klasik. Men'm te toujou al fe, mwen enm m'son neg ki pa renmen chita. M'te toujou ap cheche. M'te vin tonbe nan on konpayi sekirite epi 12 Janwyе vin pase. Tout bahay tonbe a lo. Kounya la bon m'ven ate, m'ven rete m'ven jwenn OIM epi.*

Donk avan tranbleman de te a ou te lekol?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Weah, m'te lekol. Epi an menm tan mlekol la m'nan sekirite.*

Epi apre ?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Wi ,epi tranbleman te vin pase nou kanpe, konpayi kanpe.*

Konpayi sekirite a kanpe?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Tout neg kanpe net bon nou te vin menm pat menm touche menm se jus apre yo te vin rele nou yo te vin ban nou on ti bagay. Ou peye lekol. Bahay te vin fini epi pa gen anyen anko. Epi OIM vin vini.*

Ou gen pitit?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non.*

Ou pa gen madanm tou?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, m'pa gen madanm*

Ou t'ap viv ak paran ou?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Wi, m'te avek on tonton'm.*

Ou te ale nan kan an ansanm ak tonton'w lan?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non.*

Oumenm sel ki te ale nan kan an?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwen sel paske yo menm genyen ki te al andeyo men mwen menm m'te deside, m'te di m'poze'm la m'pa prale.*

Poukisa ou pa't ale?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non. m'te gen lot bagay mwen m'ap fe. Apre tranbleman de te a, ban'm we Janvye, bahay yo vin fon ti bagay vin fret mal lekol.*

Nan ki pwovens ou soti?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Moun Plezans, Sud.*

Depi kile ou kite Plezans?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *2005.*

Ok, pandan ou nan kan an se le sa ou fini?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, klasik la pokofini m'pokofini klasik la toujou. E mwen k'ap peye, mwayen yo vin pa opoten pou mwen, m'fon kanpe.*

Ou te jwenn travay pandan'w te nan kan an?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Pandan'm nan kan an?*

Wi, ou fe 5 an nan kan an, sa'w te konn fe?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, mwen m'diw sa. Mwen m'fe karelaj de fwa m'gendwa jwenn on ti bahay mwen fe. Ou we sa'm di'w la? M'antre on ti bagay epi m'jere tet mwen.*

Ou pa janm jwenn ase kob pou'w ta anfeme kay?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Kob mwen, kob mwen bezwen an m'poko janm ka fe kob la. Ou konprann sa'm di'w la?*

Eske dapre ou bagay yo pi mal kounya ke avan?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Riiii. Monche si gen, si g'on mo m'te ka anplwaye ke pi mal* (Yon patisipant ap ri.) *m'tap anplwaye'l. Mo a ka la wi m'pa konnen'l. Efo'm cheche konn mo sa wi, on mo ki pi mal ke sa.*

Terib

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Se la fyev menm. Sa kite terib deye se la fyev.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Kounya m'met di'w si w"ap gad sou moun, m'met di'w ou pap leve menm on kiye met nan bouch ou. Si'w nan konpleks ou di'w pap fe si ou pap fe sa monche ,(W'ap mouri tou.) m'pa konn sa'w pral chwazi fe. Men mwen menm m'chwazi ret nan liy dwat la mwen menm, w'ap pale'm mal men mwen menm.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi, vi a vin rive nan on le la ou pa nan enteresant anko.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Mwen menm, miwen menm m'pat janm travay ni 12 Janvye ni apre 12 Janvye.*

E avan?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Ni avan 12 Janvye. E madanm muen ki t'ap fe ti komes li t'ap fe kounya e li komes la ki t'ap ede nou avek ni timoun lekol ni nou menm ki nan kay la. Men vi a vin pi di preske pa gen komes anko. Pa gen komes menm se li'm manje, se li'm peye lekol, ki fe tout bahay. Pa gen komes anko.*

Pa't gen komes apre tranbleman an oubyen toujou pa genyen?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Non, apre tranbleman te vin pa gen komes pase se ladann pou'n manje, e ladan nou fe tout bagay fet. Efou ni kounya sa vin pemet menm si'w te ka peye ou pa ka peye, ou pa ka peye paske komes la vin kraze. Pase vi an vin, bahay yo vin telman che gen bagay ou pa ka achte vin preske ou pa ka fe anko.*

Kay kote ou te rete a li te kraze?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Li kraze..*

Se te kay pa ou oubyen se anfeme ou te anfeme?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Non, anfeme m'te anfeme.*

Madanm ou te pedi machandiz li yo nan tranbleman an?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Bon plis machandiz nou te pedi e vole ki te, bon'w konnen le moun kouri ou kite bagay ou. Moun nan pase yo pran yo. Men nou te vann tout pwodui premye nesesite nou te vann. Men kounya nou vin pa gen mwayer pou fe'l.*

Le nou vin pedi tout bagay sa yo koman nou te fe pandan nou nan kan an pou nou viv?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Wi, wi se jis kounya la komes la li te laje sa, li vin piti piti . Jiskaske li pral fini paske e ladan pou'w manje e ladan pou'w fe tout bagay. Li pokofini, l'apfini kan menm. Men'l sanse fini. Preske. Li preske paske'l gringole, li te laje sa kounya'l vin konsa. Paske gen on seri de bagay pa gen avantaj pa gen mwayer pou'n achte.*

E timoun yo koman ye te fe apre tranbleman an?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Timoun yo toujou lekol paske yo pa't al travay, yo toujou lekol.*

Yo pa't oblige kite lekol malgre tou?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Yo pat kite pafwa nou konn jwenn moun, fanmi ki ba'n kek push pou'n pa kite yo nan lari.*

Pase le timoun nan nan lari li vin pi danje. Li pa bon ni pou paran, li pa bon pou popilasyon an tou. Paske le'l nan lari a li gen entansyon fe nenpot ki bagay. Gen kek fanmi'k gen bon fwa ki manye ede yo tou. Men kounya sa vle di menm fanmi an pa ka ede'w paske menm fanmi an nan pwoblem tou.

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Apre tranbleman de te a te vin g'on konpasyon nan, bon sanse nan tout Haiti net. On neg te gen dwa bon ou t'ap fon bagay ou te lekol direkte a vin chwazi swa'l pa't mouri, lekol li a pa't kraze epi'w te nan lekol la li chwazi jere'w on jan. Ou we sa'm di'w la? Men kounya la e komsi yo vin toun'on lyon, yo vin yo vin pi mal ke jan yo te ye avan. (Afe tranbleman de te a gentan pase nan tet yo) Ou we sa'm di'w la? Yo blyie si te gen on tranbleman de te. Sa vle di si'w te nan lekol la, lekol la te 1000 dola yo pa bezwen konn afe'w degaje'w ou bay 1000 dola a si'w vle, si'w vle fin fe ane lekol la. Sa vle di ou we sa'm di'w lan? Ou te gendwa gen timoun ki lekol sansè a dako, direkte lekol la dako di se 12 Janvye bon pa gen pwoblem timoun nan fin fe ane a. Men pa kounya, kounya si'w di ou pral lekol la e tou prepare'w paske ou ka fon semen w'ale lot semen ou pa ale. Ou fon semen w'ale lot semen ou pa ale.*

Sa'k fe ou panse yo vin pi di?

(Yon moun touse pandan entevenan an ap pale.)

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Bon, m'pa konnen. Bon, yo panse, si yo te panse e te la fen du monde. (Ri) Ou we sa'm diw lan? (Yo te panse Jezi ap vini.) Si yo te panse Jezi ap vini....(Le yo we plizye ane ap pase Jezi pa janm vini yo retounen jan yo te ye a. Riii) Le yo we plizye ane epa on lot bagay yo vin tounen menm jan. Te gen yon viv ansanm men kounya pa genyen'l anko.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Mwen menm nan panse pa'm.*

Tale, viv ansanm ou ap di ki te genyen an se te avan oubyen apre tranbleman de te?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Apre tranbleman te an nan nan nan 3 jou rive preske preske 1 an, (Han-han li pat rive 1an.) preske 1 an. (Preske 1 an li pa't rive 1 an.) Te gen on viv ansanm (Te ge on viv ansanm.) Men lekol vin ap*

reprann, bahay yo vin ap bahay yo vin gade nou on lot jan .Ou we sa'm di'w la? Men kounya hm! (Apre 12 janvye yo pa't peye lekol pou timoun yo.) hum? Wi, gen lekol ki pat peye.

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Non, pa't te gen lekol ki te touche. Yo fe'w voye timoun yo yo pa't touche wi. Bon, okontre yo konn ba timoun nan ti manje vin lakay li, (Wi) ti bagay kri. Men kounya la te a pa sekwe anko(Tout bahay vire.) tout bagay reprann plas yo. Tout tet vire nan nomal yo, tout moun se aranje'w jere tet ou. Ou pa kapab ret lakay ou.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *M'pa ka konprann, m'pa ka konprann bon m'pa fe lot peyi men m'tande pale de lot peyi. Pou on timoun lekol pou on direkte lekol chwazi voye on timoun tounen lekol. M'ka konprann ou bezwen peye pwofese men gon janw ka fe sa. Timoun nan li menm le'w voyel tounen lekol la e sanse'w dil fe bak. Bon, kounya la elel vin.....sa'l pral remet? Anyen kounya la pratik la se ou pa ka peye lekol la out. (Ri)*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, Help Age: *Bon e le'w pa ka peye kay la met kay la mete'w deyo ou pa konn kote'w prale ?*

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Bon, li di ba'w dele li pap baw dele. Kounya yo pa menm ba'w dele sou le'w non.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, kounya pa gen dele nan bagay kay.*

Bon vin jwenn kounya pa gen kan pou'w ale.

Piblik: *Pa gen kan. Se leta ki fe pa gen dele.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM: *Wi, ekzakteman se la pwoblem nan si'w te g'on, si'w t'ap travay oubyen leta te ba'w posiblite. Pase lontan lontan m'te konn we leta te konn fe kay sou Jean Claude Duvalier yo ba'w. Pou bay on ti pousantaj chak mwa, chak mwa epi'w bay on ti pousantaj jiiskaske apre 15, 20 an kay ou rete pou ou. Jis pou yo jwenn kob sa pou yo jwenn pou yo fe pou lot moun anko. Men son bagay ou vin pa jwenn anko menm menm. (E konsa'l ta dwe ye !) E konsa'l te dwe ye. Leta fe kay la epi'l ba'w mwayer*

pou'w ret ladan ni chak 3 mwa oubyen chak 6 mwa w'ap bay tan. Kounya la apre 2, 3 zan yo pral refe pou lot moun ki pot ko jwenn.

Kisa leta fe?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM: *Leta, kisa sa leta fe ? Bon de jou an jou kote, ye m'ap achte on lo chadek nan mache m'di banm pou 20 goud chadek machann nan di li pa bay pou 20 goud chadek wi. Si'l pa bay pou 20 goud zoranj? (3 chadek pou 10 dola) 3 chadek pou 10 dola li pa bay pou 20 goud. (Wouyyyy) Bon kisa'w pral manje? E nan peyi'w la'l fet sa vle di'w pa gen mwayen pou'w viv menm menm menm . Kounya tout moun ki malere, moun ki nan klas mwayen yo y'ap tann pou yo mouri. Pase kisa'w pral manje?*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Epa nan klas mwayen nan non sitwayen, e nan klas pov la nou ye. Moun pi defavorize yo.*

Avan tranbleman de te a kisa ou te konn fe pou'w viv nimewo 4?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Bon, oparavan le tranbleman de te, avan tranbleman de te m'te lekol an menm tan tou nou pat rich telman nou te komsi nan lot aktivite, tcheke kek bos mason pou fonksyon ansanm avek nou. Apre tranbleman de te vin pase nou kapab wejiska no jou se de konpayi ki chaje, konstriksyon d'Ayiti gen preske, gen anpil bos ki preske pa ka jwenn bras jan yo te konn jwenn oparavan. Sa vin mete nou komsi fo nou ta gen gwo kontak komsi pou'n ta kontakte de zenjenye tankou Dominiken, Ameriken. Se jan de moun sa yo. Komsi preske ki enjenye konstriksyon e preske le y'ap debake yo debake avek tout staf yo e. M'sonje apre 12 Janvye gen on konstruksyon'k t'ap fet men se te on organiz, on konpayi Dominiken ki t'ap fe li. Gen plizye nan nou al mande travay yo mande nou paspo Dominiken. Komsi pou nou, fo nou gen on pyes Dominiken pou yo ta entegre nou nan travay sa. Nou we sa komsi de (Imilyasyon) de zimilyasyon antanke nan peyi nou anko w'ap gen de zaktivite k' ap fet nou menm kom jenn e nou sou sa nou kapab e nou pa ka komsi jwenn de zaktivite pou'n ta fe pou'n ta antre de posiblite. Komsi pou'n ta fe pou tet nou. Tou sa se de zimilyasyon yo ye.*

Se Potoprens travay sa t'ap fet?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Wi Po-oprens.*

Nan ki pwovens ou soti?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Mwen m'se moun Sid, Okay.*

A ki laj ou vin Potoprens?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Bon le'm te vin isi mwen vin isi a 15 an.*

Ki laj ou kounya?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Mwen gen 30 an 12 Janvye sot fe'm 30 an.*

Kote'w te rete avan 12 janvye?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Jus avan 12 Janvye mwen te fe, le'm te vin isi mwen te fe ladesant kay yon mon onk mwen. An apre kounya, bon pa rapo de jan sitiyasyon an te vin ye, lot moun yo t'ap viv ansanm avek nou. Nou te vin komsi demake yo, te lese yo. Nou te vin al jwenn de zanmi komsi ki te vin anfeme kay. Nou te komsi mete ansanm. Komsi patife ti aktivite nou te konn fe pa rapo de nou menm. Nou te konn ap sanble, sanble ti kob nou jiskaske nou te konn peye fem kay 6 mwa. Kou dele 6 mwa rive fo'n degaje nou anko pou'n al jwenn youn komsi youn ki pi bon mache. Toujou pa rapo de ekonomik nou pou'n kab pou'n te kapab....*

Kote manman'w ak papa'w?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Bon, manman'm ak papa'm se pwovens yo ye aktyelman.*

Yo te isit ave'w avan?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Non.*

Se ou ak tonoton'w selman ki te Potoprens?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Wi, wi.*

Le tranbleman de te a pase ou te toujou nan kay a tonton'w?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Non non depi avan depi avan.*

Ou te al nan kan ansanm ak tonton'w?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Non.*

Li te kote pa'l?

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Wi.*

#1 Venante Eloissant, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Avan 12 janvye m'tap travay men le 12 Janvye vin pase m'te frape nan tet m'frape nan pye tout do'm blese m'vein pa ka travay anko.* (Bri yon moto ki ap pase.) *Apre le ke'm vin ale yo vin revoke'm.* Men manman'm ret Maryani, manman'm toujou ap soutni'me mwen'k denye ptit. *Manman'm toujou ap soutni'm nenpot sa'l genyen an li toujou rele'm vin pran'l men tankou le pa gen aktivite li di'm ee ahh Monik voye timoun, m'gen on ti non ki rele monik.* Li di ahh voye timoun yo ban mwen. *M'veye timoun yo ba manman'm.* Men apre 12 Janvye tankou gendwa gen on moun ki bezwen fe on lesiv li di'm:” *M'bezw en fe on lesiv wi Monik*”. *M'di pa gen pwoblem m'fe lesiv la.* Avek kob lesiv lan nou konn fe ti sol, m'peye ti sol. *Kantite moun li genyen an li konn rive 1000 dola. 1000 dola sa m'peye lekol timoun yo avel, n'achte, nou bay moso lekol la epi pou aktivite nan kay la nou pran ladan nou achte ti aktivite met nan kay la pou timoun yo viv.* Men depi le sa m'poko janm al travay.

(Yon telefon ap sone.)

Timoun yo te ak manman'w avan tranbleman de te a?

#1 Venante Eloissant, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non, yo te ave'm se apre 12 Janvye manman'm di'm voye yo ba li.*

E kounya?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Kounya yo nan men'm toujou y'al lekol. Pase kote yo ye a, kot manman'm ye Maryani an, se anwo isi yo te lekol .Y'abilitye a lekol la m'pa vle ap chanje yo lekol chanje yo lekol m'tou kite yo nan lekol kote yo te ye a, m'pran yo anko.*

Kisa ou fe pou'w viv? Ou fe komes?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non, m'pa fe komes non.*

Sa vle di se manman'w ki ap ede'w?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi manman'm toujou ban'm kout men. Pafwa le'l genyen nan men'l li ban'm kout men.*

Sa w'ap fe nan moman sa la?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *M'pa al travay m'pa juenn travay. Tankou, m'toujou menm jan. On moun gendwa di: "Monik m'bezuwen fon lesiv konbyen kob w'ap fe'l pou mwen?" Kounya m'dil tan, nan tan an m'gentan kalkile men koman m'ap fe'l men koman m'ap fel.*

Ou deside sa ak mari ou?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non, kob moun nan ap peye'm nan m'gendwa deside sa m'pral achte manje met nan kay la avel. Oubyen si timoun nan manke on liv m'di kob sa m'pral achte on liv pou timoun nan avel, se konsa.*

Ou gen mari?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Rii. Wi, m'te gen on mari nan kay.*

Nou pa ansanm anko?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non, nou pa ansanm anko.*

Nou te ansanm period tranbleman an te pase a?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi.*

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Sa'm bezwen konnen, pwosesis la m'ta renmen konnen si yo pa'p tounen sou li anko.*

Bon mwen pa ka di'w ekzakteman si yo ap rekomanse. Jan nou te di nan komansman an, nou menm nou se yon ekip ankete ke OIM angaje pou mennen yon anket spesyal pou yo. Pou yo ka konnen koman pwogram nan te mache. Men nomalman nou pa manb ni OIM ni CONCERN, nou pa manm okenn nan organizasyon ki t'ap ede moun apre tranbleman an. Sa nou ap fe la a se jis yon travay ke nou ap fe pou yo. N'ap koute nou epi fe yon rezime de sa nou di answit fe yon rapo pote ba yo. Bon, w'ap jwenn yon ti bagay jodi a men mwen panse ke pwogram nan fini.

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Men depi 30 Desanm 1 an gentan rive bagay yo on kote, m'retire yo. Met kay la mande'l m'mete bahay yo on kote m'remet kay la. (Tet chaje net wi.)*

(Plizye moun ap ri e fe ti pale.)

Nou pa konnen kom nou di'w sa nou pa nan OIM. Nou pa ka di'w si gen yon bagay k'ap fet.

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Wi, jan'l ye a m'oblje d'il. Nou pa ka kache'l epa vre nou pa ka kache'l.*

Pa gen pwoble

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Se pale n'ap pale, chak moun ap degaje mesaj ki nan yo.*

Dapre sa yon etid yo te fe rapote, sou chak 10 moun yo anfeme kay pou yo 10 remet kay la se 2 selman ki rete ladan.

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Mwen m'te toujou rete ladan mwen menm. E 30 Desanm nan 1 an rive m'remet li 4 Janvye, m'remet kay la.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Moun nan, moun nan gendwa.*

(Plizye moun ap pale ansanm pandan on ti tan tou kout.)

Le nou di moun nan remet kay la nou vle di ke moun nan pa ka peye'l. (Plizye moun ap pale ansanm ak enteven an.) **Nan sans sa pito yo te pran yon kay ki mwens kob.**

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Bon, ou we kounya la, ou we pa ekzanp, bon sa m'te ka di 6 met pa 4 met* (Yo monte kay la.) *ou we chanm kay sa pou'w ta genyen'l kounya la,*

(*Ohhh mezanmi! Fo'w gen 12.000 dola) w'ap sezi we y'ap mande'w 12.000 dola pou li pou pi piti* (Onn bel chanm kay konsa nan nenpot 10.000 dola wi.) *kob pou li. Pi piti kob pou yo ta chwazi pran nan men'w e 10.000 dola.*

On chanm kay konsa e 10.000 dola w'ap peye'l?

Piblik: Si'w separé'l la ou gen nenpot 6000 dola . E 2 chanm kay li fe wi. Yo mande'w kay la pou yo ka monte'l. Si'w deside peye'l yo di'w ou dwe yo pap double ave'w pou yo ka monte'l.

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Ou we ti kay kote'm te ye a madam? 8000 mil dola. Yon latrin, yon ti kay tol le lapli ap tonbe w'oblige kanpe ou tann lapli a fin tonbe apresa pou'w kouche.*

Kay yo te peye pou ou a?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Kay kounya la.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *E pou'm montre'w sa vle di bay kob la epa li'k enpotan.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Tankou mesye a di cheche on kay ki pi ba, yon kay ki pi ba (5000 dola) ou pa jwenn kay. Kay ki pi ba se 5000, 6000 dola. Pa gen 3000 dola anko se selon kote an wi, selon kote an. Ou pa ka fe ankenn aktivite.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM : *Bon fo'm di'w byen pafwa gen kay, pafwa gen kay, g'on ti chanm kay ou ka jwenn pou 4000, 5000 dola men moun ou genyen yo, ou gen timoun. Eske'w ka pran timoun yo w'al mete yo kay moun? Se pil sou pil wi y'ap ye. Fo'w g'on kabann pou'w domi sela ve di fo'w g'on ti chanm ki on ti jan elaji pou timoun nan ka jwenn kote pou'l kouche. Oumenm pou oumenm kom granmoun nan jwenn yon kote pou'w kouche.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwen menm OIM banm on kob mwen menm e mwen'k bat tet mwen, m'cheche m'remete pou'm lwe on chanm kay pou'm santim alez. Ou we sa'm diw la?*

Sa vle di kob OIM te ba ou an li pa't ase se lot kob w'al cheche mete sou li pou'w te lwe kay la?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM: *Wi pou'm santi'm alez.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun, komes, Reto, IOM: *Wi, kote nou ye kounya a e 2 kob wi'k anfeme'l, on ti bahay tou piti.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Pase m'pa we mwen menm ki pral lwe on kay epi pou'm ap mal domi anko. Riiiii*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Gen de kote se 2 moun wi ki met ansanm ki anfeme on kote.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Pafwa le moun OIM yo vin fe enspeksyon kay la yo di'w yo pa vle'l e kob l'ap ba ou a* (Li pa posib pou on lot kote.) *li pa posib pou lot kote* (Epi yo fe'w konnen la pa bon.) *li pa bon*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *4000 dola ki kote'k serye ou ka anfeme ladann ? Kounya bahay la telman terib moun yo fe tant pou anfeme. W'anfeme on tant pou 1500 dola'w.* (Kibo?) *Yon tant, bagay pwela kouvri pwela yo fe'l. Moun nan gen teren li fe tant sou li, moun nan gen teren yo fe nenpot 10 tant chak moun a 2000. Li fe on kob.*

Se bagay ki ta sipoze fet oubyen sa fet deja?

(Yo fe'l)

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Yo fe'l menm moun nan g'on teren li fe plizye tant sou li.*

Li vin yon sot de biznis kounya?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Pa respe li met yon sel latrin pou tout lakou a epi chak moun 2000, 2000, 2000.*

#6 Louis Herby Prisme, Gason, 30 ane, 1 timoun, penti, 6zyem ane, Guest: *Kan an vini sou lot fom, kan an vini sou lot fom.*

(Plizye moun ap pale e ri an menm tan.)

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Gwo barye femen pou leta pa gen kontwol sa k'ap pase anndan an, klotire'l a barye tol li . Epi le'w antre le'w konnen se nan on kay ou prale le'w gade'w we s'on ekip tant chak moun anfeme. Bon sa'w ka fe? Ou pa ka al domi nan lari anko pa gen kote nan lari pou'w domi.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, moman an pa pwopis menm anko la. Menm leta menm leta ap kouri deye'w si'w ta di ou pral nan lari.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Mezanmi ! Bon ki lari ? Ou pa we e sel moun fou ki nan lari kounya?*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Bon w'al domi nan lari yo pa we son moun fou'w ye ou kwe menm rad sou ou y'ap pran.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: (Komanse pale pandan lot patisipan an ap pale a.) *Ebyen esa'm di'w. Moun nan gen dwa ap domi la le'w leve ou we'w pye ate, menm sa'k nan pye'w yo pran. Kounya menm moun fou yo pa tolere nan lari m'pa bezwen di'w oumenm si tet ou dwat. Esa'k fem di'w menm le tranbleman de te a fin pase te a pa sekwe men tout moun ap sekwe de tanzantan. Chak, bon'w pa bezwen tann 12 janvye chak segond moun sekwe paske le'w domi ou gentan met nan tet ou koman demen si dye ve a pral ye. Sa'w pralfe ? Sa'w sesi sa'w sela tout se menm tranbleman de te a k'ap pase.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwa pase a nou pa't tandete ge on sekous ki pase Jakmel?*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Pandan'm kouche konsa m'santi on..(Riiiii)*

Kile sa te pase la?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Nan nan nan fen mwa Janvye a. Pandan'm kouche konsa (M'tande yo t'ap di sa wi.) ohh m'santi'm prale. M'pa ka kouche sou on kabann ki kanpe epi kabann nan dous man.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *tout moun gentan kite kay yo pran lari.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *M'santi m'pral, m'santi m'prale. Epi'm we tet kabann nan panche men bagay sa vin pa nan tet mwen m'pa*

panse se sa. E le'm tandé yo rele, ele'm tandé Jakmel di bahay pase m'di han! Bahay sa'k pase? M'di e sel mwen ki konn sa nan kay la m'sezi. Sa vle di'w we bahay sa ka tiye moun ou. Ka rete konsa'w we w'ale. Sa vle di bahay yo pa fasil menm.

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun, komes, Reto, IOM: *Mwen enm an bon lye si m'ap fe on lojik mwen menm, m'pa konnen si nou menm nou ka we'l on lot fason. Tranbleman de te pase 12 Janvye nou gentan nan 6 zan gen nan peyi a. Tankou si otorite te gen tet, te panse avek malere malerez avek pov, pase si'w di'w nan eee ou ou ou nan klas mwayen se pa vre. Moun ki nan klas mwayen yo, yo ka peye on kote pou 20.000 dola pou yo domi. Sa se moun ki nan klas mwayen yo. Men oumenm, nou menm, m'pa konn pou nou menm men nou menm ki la, bon m'mete nou. Bon nou menm ki la se nan klas pov la nou ye, pov pov pou nan denye eta. Epa le on moun gen on kwi nan men'w ou chita devan on legliz katolik ou pov. Gen nan nou la ki pa depanse on dola ameriken pa jou non. Nou pa manyen on dola ameriken pa jou pou'n di nou depanse (Pa jou?). Mwen menm spesyalman m'konn fe on jounen san manje. Aswe m'domi konsa ;demen maten m'leve konsa. E gen moun pandan on segond li gentan manje 20 dola ameriken. Nan on segond pou'l bwe on dlo selman li gentan depanse 20 dola ameriken pou'l bwe on dlo. E imagine'w ou menm ou pase yon jounen ou pa depanse yon dola ameriken.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Bon ye ye le le le le'm resevwa apel la la se nan kouri'm ye (Ou deye kob machin.) m'deye kob machin. M'nan kouri paske'm pa gen on dola.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Sa vle di ye apre midi pandan'm resevwa apel la epui m'kouche konsa, ti pitit mwen an sou mwen. Ye fe'l 3 jou a on dyare m'tande se fyev zika, e konsa'l vini. Li gen, m'gen youn k'al lekol se jeran lekol la m'we k'ap pote'l ban mwen m'pa bezwen di'w. Ou kenbe youn nan men'w ki gen on dyare on lot ap vini se mennen yo mennen'l ba ou. Kijan pou tet ou pa chaje ? Le'm resevwa apel la madam nan di'm se OIM nan on reyinyon. M'pa kache di'w m'gentan, m'pran on fos.*

(Riiiiiiii) 43

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *M'telman pran on fos depi yeswa m'ap fe tout kalkil . Bon m'tounen, sevo'm tounen on kalkilatris m'ap fe tout*

kalkil. M'di bon depi'w we OIM rele se sesi se sela m'mete tout bagay nan tet mwen net. M'telman mete tout bahay nan tet mwen net, m'di bon kounya la m'gen denye dele la apre kanaval e e apre 7 Fevriye. Kom mwen tandem gen on pwoesisis m'di gen dwa e pou sa yo rele genle yo rive sou non'm. Ahh, m'fe tout kalkil. Kounya la m'rele on moun m'di, 'Ahh m'gon randevou serye serye m'pral la demen maten pou'l prete'm 250 goud'. M'gentan kontwole vini an la ap vini'm pou 24 dola ale retou pou pou desann. M'pran 250 goud lan m'kite 100 goud lakay m'deplase avek 30 dola. Sa vle di w'ap viv nan on sitiyasyon majorite ki gen nan men'l lan se bat l'ap bat pou'l gen plus. E mwen sa'm toujou di moun nan pa janm f'on kalkul le'l mouri menm avek on soulye'l pa prale. Ou gendwa gen sa nan men'w tan ke pou'w fe, pou'w pran'l, pou'w f'on bagay ki pap itil anyen ou di ba'w chech'on mwayen pou'w ede 200 moun. Ou pa bezwen kanpe nan radio pou'w di ou bezwen 200 moun non. Depi'w antre anndan on legliz w'ap telman jwenn moun. Ou pase nan nan on lekol ou bay on bilten ou di ou bezwen 200 paran, 500 paran, w'ap telman gentan jwenn moun pou'w fe de seri de bagay w'ap fe. Men epa sa'k nan tet yo. 12 Janvye fen'k pase tout moun te kole sou moun tout moun t'ap viv a moun tout moun renmen moun, tout moun vle moun. Genyen ki te genyen ki pataje ave'w. Bon mwen menm apre 12 Janvye m'telman te byen manje, m'byen manje, m'byen viv, on mwa pase, 2 mwa pase bahay la komanse ap vire. Ou tounen nan menm bagay ou te ye anko a. Pase te gen ed ou jwenn ti bahay ou jwenn ti sesi ou jwenn ti sela ou jwenn bahay, pa gen moun ki panse si sa t'ap tounen konsa.

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *M'pat janm patisipe nan ed sa yo.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun, komes, Reto, IOM: *Mwen enm m'te patisipe paske kote'm te ye a nan kan an konn gen kek ti bahay m'konn jwenn.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Mwen nan selman ed m'patisipe selman le yo pase lakay ou yo ba'w savon, yo ba'w akwatab selman nan ed sa yo* (Bon'w konnen) *Tankou ed diri* (M'te gen doule m'pat ka fe wonn pot.) *ou we tout moun vin avek kat.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun, komes, Reto, IOM: *Bon mwen menm k'ap pale ave'w la m'konn soti nan kan nan Mouzen m'al jis Kafou. M'al jis Taba m'al deye diri. Epa bezwen'w bezwen ? Mwen e bezwen'm bezwen.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Fo'm gen kat la si'm pa gen kat la m'pa ka ale.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Menm le epa kat ? Te gen on afe vann kat. Ou bay moun nan on 100 goud li gendwa ban'm kat.* (M' pa konsa.)

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Ou we nan zon pa nou an, nan zon pa nou an Kriswa se zon sa'k benefisyé plis bagay. Le'm di'w plis benefisyé an se sanse plis bagay vin nan zon nan men pa preske gen moun ki jwenn bagay sa yo.*

Sa'k pase?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Yo pa ret nan zon nan yo pa pataje nan zon nan.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Yo mechan.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwen menm,*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Tale, san dekoupe pawol ou. Gen on ekip jen ki telman mechan apre 12 Janvye yo gen bagay nan men yo pou yo bay,gason wi, moun ki gen nen nan figi yo wi.* (Yo pran yo yo vann yo.) *Se kouche pou yo kouche'w pou yo ba'w on kat. Depi'w pa dako ou pa nan kat.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwen menm g'on kanntene'k vini sou tet mon Akasya. Nan aswe kanntene a debake tout neg we tout sa'k vini net, verifye tout bagay. Yo voye tenis ;yo voye sandal yo ;voye souvetman. Nan demen maten y'ap bay bagay, hummm, sa'n we yo mwen menm m'pap mete yo. Menm si'm te nan denye eta mwen menm sa yo bay yo m'pa bezwen yo.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Yo gentan pran tout bon yo.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *M'pa bezwen yo. Se, se rete'w rete ou we bagay sa yo ap vann byen lwen. Ou di, 'Oh bagay sa yo se bagay ed yo ye!'* (E san parey nou yo'k mechan wi.) Mwen menm kote'm t'ap travay la mwen menm 12 Janvye fin pase yo banm on ti kob. Mrele konbyen zanmi'm m'di: "Ahh bode ou we sa'k gen la man? Ou we menm pou timoun jwenn dlo yo pa ka jwenn dlo. M'ap fon bagay". Neg yo di sa n'ap fe? M'di: "M'g'on kob la man, men sa n'ap fe men sa n'ap fe". M'di: "Avan nou pral cheche ji dlo pou'n bay". Nou te gen on bon patne nan zon nou, misye di "Ah monche pa gen pwoblem". Li rele TROPIC, ba nou konbyen kes ji, bahay dlo, nou tonbe separe ba moun. Ba moun, bay moun, bay tout moun. Epi nou bay timoun yo dlo pou yo bahay. Men nou tou we sa son beljes. Mwen menm kob pa'm nan, le sa tou te vin g'on ti pawol anpil yo panse se bagay (Se ed) se bagay mwen pran m'ap vann. M'di non. Si m'achte bagay la 25 goud m'chwazi m'di:" Ou we mesye m'ap bay li 15 goud pou tout moun jwenn li". Epa anyen m'benefisyé non. (Jis w'ap fe on jes avek pwop sa'w genyen oumenm.) M'pa benefisyé anyen. Paske nou konn nan zon nan ou bezwen on pen ou pa ka jwenn non. Mwen menm m'mache a pye m'desann bo lopital jeneral n'al deye ji. Si nou pa jwenn nou monte sou Delma monte Petyonvil la vin deye bagay pou'n al mete nan bahay nou. Si moun nan bezwen on bonbon pou'l ka jwenn li, si'l bezwen on dlo pou'l ka jwenn li. E si'l pa gen kob la n'oblige bay li. E le sa nou pat gen kob. Nou pat gen kob bahay leta nan men nou e kob pesonel mwen m'te fe sa ave'l.

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM: *Mwen menm m'te gen fanmi'm ki t'ap ede'm byen, moun sa yo mouri 12 Janvye. Se li'k koz ki fe'm nan moman sa. Moun sa yo te mouri e ptit ptit, fre e fre manman'm yo ye. Pase moun sa yo ou we le Dimanch si'm pa vini kob manje'm e pou yo retire kob pa'm mete la le'm vin Lendi pou'm jwenn li. Pase m'te di yo m'pap vini yo retire kob pa'm m'pa manje yo retire kob pa'm. E konsa nou te viv. Telman nou te viv byen men le moun sa yo vin mouri sa pemet le'm panse a moun sa yo gen de le tansyon'm konn monte. Pase gen de moman m'ap viv m'ap bahay si yo te la m'patap nan tout bahay sa. E m'te gen on sel ptit fi m'te pedi'l tou. Ptit fi a li te renmen'm anpil pase..*

Li te nan menm kay avek ou?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, OIM: *Non, nan on lot kay li te ye men se mwen'k, kay li te ye a, alo manman li, li t'ap etidye. Manman gen, manman an le manman ap pale anpil avek on lot ptit li di:*" Manman ou fe twop

bri se etidye m'ap etidye". Manman an dil mete'l deyo. Kounya pandan'l soti l'al etidye nan on kay avek on lot ti demwazel sa vle di y'ap etidye ansanm. Se le moman bagay la pase kounya la kay kote'l te ye a pa gen anye kounya li menm li te oblige viktim avek lot ti demwazel la nan on kay ki gen 3 etaj.

Pa gen moun ki pedi moun yon an tranbleman de te a apa de nimewo 3 a la?

#1 Venante Eloissant, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Non*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *M'met di mwen menm tankou moun ki t'ap viv pwoch mwen nan kay yo pa mouri men gen on eksperyans m'viv man sa tro di. M'fin pale a on kouzin mwen nan Lendi li di: "Kouzin m'ap sot travay w'ap vin cheche'm". Kounya l'al lakay mwen nou fe jounen an n'ap manje n'ap bwe. 12 Janvye, ou konnen apre 3 jou telefon pa fonksyone, m'pa janm tande'l e le'm vin konnen kouzin mwen an mouri. Bon menm jwenn yo pa jwenn li esa'k pi di a. Menm jwenn yo pa jwenn li. Apresa m'gen lot moun ki mouri, bon fanmi lwen. (Mwen menm m'te pedi 2 moun.) Men si e pou sa anpil moun pedi.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *M'pedi on ti neve'm ki se pitit fre'm avek tout manman'l ki t'ap pote on bebe ki te gentan gen 9 mwa e jou li t'ap kontwole pou'l akouche nan kay la. E le y'ap retire dekonb yo li separe net youn pye isit tet la ba, gagot. Tou le 2 tounen gagot anndan kay la.*

1 Venante Eloissant, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *M'pa pedi moun mwen menm. E sel mwen ase'k t'ap mouri Bondye Bondye sove'm. Mi sot anle tonbe sou mwen, selma figim ki deyo a gwo ponyet mwen.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Mwen enm, selman m'tap pote on bebe epi le m'al akouche bebe a soti tou mouri.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *M'genle pokon ap mouri mwen menm, riiii. Bondye genle pokon bezwen'm. Paske m'te lekol e m'ap suiv on kou chimi. Meusieu tout moun nan sal la, ou konn Jilyen. M'di : "pwofese si'w we sa m'pap swiv kou'w la non".*

Misye di: "Sak pase?"

Misye di: "Depi'w pa swiv kou a demen ou pa menm bezwen vin lekol".

M'di: "Pa gen pwoblem non m'deja pap vini".

M'pase m'pran zanmi'm nan m'di yo ann ale man ann ale ann kite lekol la ann ale. M'pral travay jis a 5 h. A 3h m'di misye ann ale. Men e komsi'm santi m'pa ate m'pa anle.

M'di misye: "Ann ale monche".

Misye di'm non li pa prale. Ou we mwen menm si'm te fe tet m'te ret nan lekol la lekol la t'ap kraze. Ou we'm sot nan lekol la pa gen anyen'k tonbe depi'm te rete lekol la t'ap kraze. Kounya m'poko menm fin rive la nan stasyon Petyonvil la e komsi peyi a pa ekziste anko menm, pa ekziste. Em pa ka jwenn ankenn lot moun ki nan lari, rele moun m'pa ka jwenn moun. E jus apre 5 jou m'vin konnen lekol la pa gen anyen. M'di ahhh bon ! Pwofese a di apre konbyen jou pwofese a di: "Kisa'w te santi menm?".

Mdi: "Ahhh pwof m'pat ba'w manti m'pat santi'm ni anle ni ate". Li dim: "Li ahh li bon wi le'w mache sou lide'w".

Bahay sa pa prann lakay menm. M'fe 5 jou deyo mwen menm tout moun konnen'm mouri, 5 jou deyo.

Ou di le'w te nan kan ou pat jwenn ed nimewo 1?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Selman ed savon senpleman avek akwatab, le yo pase bay savon an ak akwatab mwen jwenn. Men tankou toutan y'ap bay duri, lwil, pwa m'pa patisipe nan bagay sa yo.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Sa e le 12 Janvye fenk pase nan menm semen yo.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Zon pa nou an pat jwenn bahay sa yo, non zon pa nou an pat jwenn bahay sa yo.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Men epa vini yo pa vini non (Yo vini yo pa men nou pa jwenn.) epa vini yo pa vini non.*

Yo vini men yo pa jwenn?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Apre konbyen mwa mwen menm m'konn on kay y'al jete diri'k fe bet (hmm) fe bet, bonbon gate.*

Eske se yon otorite yo bay distribiye yo ki fe sa oubyen kisa?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Gen yon, yo bay, gen yon organizasyon (Li sou kont li.) yo remet li ki pou se, ki pou pataje'l bay. Men le yo vini ave'l yo kenbe'l yo menm, yo pa pataje'l bay.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *E konsa wi.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Gen on kesyon de chef kan tou. Tankou kan an gendwa gen on moun ki reskonsab li . Yo lag'on, le gwo tet la jwenn li lag'on ti res nan men met, nan men moun ki reskonsab kan an. Epi moun ki reskonsab kan an li menm li li pran pa'l li lag'on ti res bay 2, 3 gress moun. (Sa'k ka jwenn li jwenn sa'k pa ka jwenn.) Sa'k ka jwenn li jwenn. Paske'w konnen gen on afe de fe foto, pandan y'ap ba'w bahay la fo yo fe foto'w. Fo'l chech'on jan pou'l bay pou'l fe 2, 3 foto pou yo ka we'l bay kek ti bagay.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Mwen s'on bagay m'te ka m'te ka plis deteste le sa. (Foto a ?)*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *W'oblige, fo yo fe foto'w.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Foto a, m'pa ladann !*

Foto a?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Wi, w'ap fe moun kado on bagay, m'pa gen pwoblem non ou fe foto kote w'ap bay bagay la. Ou pa ka di'm w'ap fe foto'm pandan w'ap banm on bagay. Mwen m'chwazi m'pa bezwen'l, m'pap pran'l.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Pafwa moun nan vin fe'l san aveti.*

Kiyes ki fe sa le konsa?

Piblik: *Moun ki vin bay yo.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Moun ki vin bay yo de fwa gen moun ki konn pase bay savon, bay lot bagay, bay akwatab met nan dlo. Mwen menm m'te toujou opoze nan sans sa paske m'pap dako'l.*

(long silans)

Nou tout ki la pa moun Potoprens pavre, gen nan nou ki soti an pwovens?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Tout moun gen pwovens.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Menm le'w fet isi ou gen pwovens.*

Ok anpil nan nou pa tounen paske nou lekol, epi gen nan nou se paske paran nou isit?

Piblik: *Wi.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Kou'm rete m'anvi pran plezi'm se an pwovens m'ale mwen menm. Ohh ! ela (ri), la'm pa gen pwoblem. M'pap jwenn pil kay bare'm anyen, m'ka sot la m'ap mache la m'pa janm jwenn on kay, m'ap jwenn baz. Pandan m'ap mache la m'jwenn on kann m'fn manje'l epi'm tou benyen.*

Sa se andeyo?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Bon, bon, bon e konsa'l ye.*

E oumenm nimewo 1 ou panse'w ta ka tounen an pwovens?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Bon m'panse'm te ka tounen an pwovens si'm te pou kont mwen. Kounya'm vin gen timoun, timoun yo lekol isi. Si'm vin al andeyo ave yo bon m'met di yo tounen deye. E sa ke yo te pwofite a yo pap pwofite ladan anko pase jan ke yo te komanse isi ave yo a se pa menm jan an pwovens lekol la pral komanse avek yo.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi, tankou pou mwen enm manman'm soti Jeremy. Tankou le'w te avan tou m'pa fet Jeremy m'fet isi. Apen si'm ale on 2 fwa. Le'w t'ap mennen on vi isi epi kounya pou'w we'w pral leve konsa ou pral abite andeyo, le plu souvan fo'w te g'on kote'w prale . Fo'w te g'on kote'w te kite. Fo'w te g'on bagay ou te kite y'ap fe pou ou. Depi'w fe sa'w rive, premye jou'w vini an pandan on semen ou ka gen on bel akey men apre kelke jou li pap menm jan. Imajine'w ou gen timoun, timoun ou lekol isi epi'w prale ou pral mennen on vi andeyo avek li. Epi pou'w mennen on vi andeyo a si'w te g'on bahay nan men'w, on bagay k'ap jere, on bahay serieu. Ou te ka nan vil, paske gen moun nan an pwovens a mon. On vi andeyo avek nan Kapital la, menm le capital la difisil men epa ,epa, epa menm bagay. Epa menm aspe.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Bon si'w leve kounya, bon mwen menm pa telman, ou gen timoun lekol. An pwovens fo timoun nan lekol. Si'w leve ou pran madanm ptit ou di'w pral an pwovens e lekol timoun yo? Pase gen de zon lekol , lekol ki genyen, depi'w nan prime pa gen lekol anko. Gen de zon pwovens, prime senpleman'k gen la epa bon prime anko. Kounya le'w leve, eske timoun nan ka isit kounya pou oumenm pou'w ap viv an pwovens? Timoun nan fo'k se nan on kay,fok timoun nan aprann on bagay. Pase e menm jan'w we tankou'w te gen dwa leve oumenm ou pa aprann anyen men'w pa chwazi pou timoun nan rete konsa li menm pou'l ka viv, pou'w kite on bahay pou li. Ou pa gen byen ou pral kite pou li(Bri yon moto ki ap pase.) ou mete on ti konesans nan tet li. Li ekri pa konesans lan pou moun pou moun pou anyen. Men fok moun nan aprann on metye demen si Dye vle li ka viv sou li. Le sa ou menm peyi a pa gen travay men'l ka jwenn on moun ki rele'l di'l vin fe sa pou mwen epi l'ap fe 50 goud pou'l manje. Le w'al an pwovens kounya la, bon mwen menm si'm al an pwovens kounya la fo'k, fok ou ta g'on bahay nan men'w pou'w te ka ede ni madanm ou ni ptit ou. Si ptit la isi, lekol isi oumenm pou'w an pwovens, le sa li vin pi di pou ou, li vin pi di pou ou. Paske kounya'm vin we la nan moman an la gen de efo m'vin pa ka fe pwoblem senti m'sot sou on do kay m'desann anba. Kounya m'te fe konbyen jou menm bese m'pat ka bese.*

Nan tranbleman de te a ou te pran chok la?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Nan 12 Janvye a nan tranbleman de te a m'te sou on do kay mwen te ye. Le'm we kay ap tonbe sou kay la kounya la mwen enm manle te gen on bit ki te gen on ti wote kounya le mwen m'rete anle a m'voye kom. Koms'i'm ta di'w m'vee kay la ap balanse m'pa gen anyen pou'm kenbe. Kounya la m'voye kom ate. M'te vin pran on chok nan senti. Pi mal la le tranbleman fin pase m'fe nwit chita pa gen kote pou'm te kouche paske se sou on pil, kote yo te konn jete deche, deche moun pat ka kouche sou deche yo. Se nan landmen kounya la yo vin yo oblige ap fe netwayaj pou moun te ka kouche Bagay la te terib anpil le sa. (riii) M' toujou santi'm...bon kounya la aktyelman la k'ou'w we m'santi doule a fo'k se konprime pou'm pran pou'l banm on ti (Bri yon chyen ki ap jape.) souf.*

Koman OIM te chwazi benefisyé yo?

(Bri ton ti zwazo ki ap chante)

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *An pala de ki ed, an palan de ed tankou leve moun pou al?*

Wi, an palan de leve moun yon an kan an.

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Tankou men koman yo te fe'l. Yo pase, yo pase yo fe resansman. Men avan sa yo konn fe plizye resansman men le yo rive nan bon jan pwosesis la yo pase fe resansman. Yo kontwole konbyen moun ki nan kay la. Konbyen moun k'ap viv nan tant lan. Yo kontwole konbyen moun k'ap viv epi kounyan la yo pran non moun yo. Yo ba'w on ti kat yo voye'w al cheche kay. Epi le'w al cheche kay la ou rele ou di'w jwenn kay. Yo fe'w bay non met kay la, kote kay la ye. Epi kounya la yo rele met kay la, yo pale avek met kay la. Tankou'w gendwa jwenn kay la la esa'k fe'l pat fasil. Ou gen dwa jwenn kay la la le yo fin fe tout pwosesis, (Ti zwazo a t kontinye chante jiska pati sa.) ou redi premyeman ou cheche kay la, epi le'w fin jwenn kay la yo fe on afe de, on afe de on mwa ou swa on 15 jou pou yo jwenn met kay la. Yo voye kob la sou non met kay la epi le yo voye kob la sou non met kay la yo rele'w yo di'w:" Yo peye kay la pou ou wi jwenn a met kay la". Yo ba'w*

yon, yo ba'w yon papye yo bay met kay la yon papye. Le'w fin peye kay la sou 3 jou yo baw 1000 goud la. Yo rele'w yo di'w al pran 1000 goud la pou bote a. Se konsa yo te fe m'pa konnen si lot kote yo si se konsa men se konsa yo te fe'l.

Eske yo chwazi tout moun ki nan kan an net?

Piblik: Wi

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Depi yo vin nan on kan yo pran non tout moun. (Wi, yo pran non tout moun) Sela vle di tout gen dwa pa patisipe ansanm men yo pran non tout moun la. Le e, le yo vin rele'w pou jwenn kay paske gen moun ki jwenn avan , le yo rele kounya pou yo vin verifye kay la. Le yo vin verifye kay la yo tou fe papye eee (Kont lan) kont lan epi le fini kounya an apre yo rele met kay la vin pran'l. Kou met kay la vin pran'l kounya la pou met kay la ba'w on kle oumenm pou'w al antre nan kay la.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Epi apre 3 jou yo ba'w 1000 goud la.*

Eske pat gen moun ki te jwenn men ki pat nan nesesite?

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Bon nou pa konnen. Bon ,mwen enm m'te gen bezwen'l paske'm pat alez nan kan kote'm te ye a. Pase on moman machin ka pase bote'w l'ale. Le fini w'ap m'al domi tou paske chale, le'w tandé epok soley ou pa ka ret anba..*

Bon ,mwen enm m'te telman satisfe le yo te retirem nan kan an. Men pou jis kounya papye m'te anfemen eee m'te bahay kay la men'l nan poch mwen la. Papye yo te banm, resi a nan menm.

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Nou konseve yo poutet si gon bagay pou nou pa pedi.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Wi papye'm nan..*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Wi men men pwoblem nan ke nou genyen an se renouvelman..*

Non, nou ap pale de yon seri de moun ki te gendwa pat nan bon jan nesesite pou yo lwe kay la pou li men ki kite yo lwe'l.

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non sa rive, li rive, li ka rive.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Li rive, epa'l ka li bouke rive, gen moun ki pa nan nesesite pou li.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Li ka rive men nou menm..*

(Entevenan ap di yon bagay plizye moun ap pale an menm tan ke li.)

Piblik: *Se chak 2 ze di maten, se chak 2 ze di maten. Le OIM, le OIM t'ap vini e 2ze di maten li vini wi.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Denye pwosesis pou kob la tonbe a e 2 ze di maten li te ye. 1e di maten , 2 ze di maten sa se denye pwosesis. Pase depi'w we yo vin a 2ze di maten an konnen ou nan wout kob la, se leve ak pral fet net. Le yo vin a 2ze di maten(Yo vin gade si'w nan kay la.) yo vin avek Minista, Polis, Cimo, tout kote'k pou antre nan kan an bouche. Sa vle di tout sa'k anndan tou anndan. Imagine'w si'w nan kan an 2ze di maten pot pa ka femen pa g'on gress moun anndan. Si te gen plizye moun ap g'on gress moun domi kan menm. Se pa le sa pou moun ap kouri vin mete recho, kouri vin mete on chodye. (riii) Sa vle di yo gentan we s'on kob w'ap fe. Men le yo vini yo jwenn ti pil la anpile youn sou lot. Bon genyen menm, menm genyen'k konn annekk rale pot la depi yo we pot la ka ouve y'annek rale'l. E gade yo gade yo we tout moun ap domi. Men depi yo ouve pot la yo pa we on moun, moun sa l'ap tou fe zero.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Nou menm gen on bagay nou te toujou gen nan kan nou an. Ou te gen dwa jwenn nou la nou menm nou pa janm domi bone pase sou misye, mwen menm neg sa yo nou pa nan domi bone ou ka we tout medam ap domi. Nou menm,sitou ti bahay nou t'ap fe devan an nou konn chita sou on, nou rete la li konn 1e, 2ze di maten e le sa, e swa misye di a monche ann antre. Nou gendwa vin antre, nou antre nou fe le a epi'n domi bahay apresa demen maten menm*

jan anko. Sa vle di pa gen on le on moun vini, bon gen de le moun yo konn vini emwenk gentan gen kontwol yo avan.

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM :
Pafwa'w oblige rete ta deyo a se anpile se pil sou pil ou ye.

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Men mwen enm men kafou a men tant mwen.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *Tant lan piti gen anpil moun. Ou konprann ? Sela ve di gen anpil moun epa rete ou ta rete.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *K'enpot moun k'ap vini e mwen'k gentan we'w, e'm gen kontwol tout neg net.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Le konsa madam se on fet wi . Le'w we yo vini a 2ze di maten nan on kan tout moun se rele anmwe kontan kontan paske yo we yo nan wout pou yo kite tant lan pou y'al lakay yo. (Haaa) Wi, tankou le yo te vin nan Mouzen a 2ze di maten tout moun se kontan kontan vole paske yo we vre y'ap sot anba tant lan pou y'al lakay yo.*

Eske nou regret yo pa't fe fomasyon avek nou?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Oh, mwen menm pesonelman m'regret . Paske gen anpil moun ki di yo jwenn fomasyon yo pi, gen moun k'al nan kou wi. Gen moun yo bay kou.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, mwen enm yo rele'm eskize wi. Yo rele pou, pou kou. Yo men m'vein rann kont, hm-pfff ! Pou on bahay sitou sa yo te, yo bay yo 6 mwa. M'di non m'te vin jije m'pap m'pap patisipe. Paske m'pa m'pa we sa'm pral pran an vre.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Bon mwen menm..*

Yo pa't ban nou le chwa mande nou si nou pito fomasyon ou kob?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non, yo pa't mande nou si'n pito kob. Yo pa't mande sa.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Bon, mwen enm m'regret yo pa rele'm. Paske gen on pwoch mwen yo rele k'al nan kou an ki fini, eskize wi, li fini'l gradye nan kuizin nan li t'ale yo ba'l kek ti bahay. Yo ba'l yon fou, yo ba'l 4 chez plastic, yo ba'l on ti kob. Mwen menm si yo te rele'm m'tal nan kou a m'te ka byen gradye tou. Imagine'w m'pa mal pase sa.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Te gen kizin te gen plonbri.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *M'rive nan reto e paske pwoblem peyi a pa gen anyen pou fe m'just m'chwazi fe komes.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Te gen kizin ,te gen plonbri te gen karelaj, mwen m'te gentan fini a bahay sa. Te gen mekanik. Men m'te si telman renmen mekanik m'te chwazi mekanik lan men g'on bahay m'te mal tande se te 6 mwa m'di ohh (Wi e 6 mwa.) 6 mwa m'pap gentan fe anyen nan mekanik. Monche m'tou femen dosye a.*

6 mwa a pa't ap ase?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Non li pa kont*

Sa vle di tan an patap kont pou'w aprann li?

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Oh, non li pa kont.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Sa pral depann de sa'w t'ap fe a.*

#2 Oge Evenson, gason, 32 ane, okenn, karelaj, Reto, IOM: *Kounya le'm vin rele yo di'm non fo'm tann on lot ee okazyon bahay. M'di ok. M'di 6 mwa vre m'pa pral ladan.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Mwen menm menm genle e mwen'k pa gen chans a bahay sa menm. Depi y'annek fin banm ti 4000 dola a yo pa janm rele'm anko dutou di'm anyen mete'm nan anyen dutou, (G'on bagay tou)*

dutou depi mwa'd Mas 2013. (E jan yo te leve'w la ki fe'w ka pa patisipe nan anyen.) Okontre mwen menm ka pa'm nan te on ka spesyal e sa moun yo te di'm. Imagine'w ou leve'm avek 2 timoun ki fe tibekiloz, on bebe 3 mwa youn 3 zan.

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM : *E komsí non'w pa nan lis ekip moun yo t'ap leve yo . (Wi) E komsí (Non'w pa nan lis la.) jan yo fe sa non'w pa nan ladan.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Mwen menm m'gen enpresyon e pa ladan li pa ladan gendwa kom mwen menm ka pa'm nan e te on ka spesyal. S'on ka yo te pran an konsiderasyon. Moun moun ki te gendwa te reskonsab li an m'pa konnen (Bri yon moto ki ap pase.) si e, si e nan, si e nan travay la'l vin pa ye anko kisa'k pase. Men le madam nan, le'm te konn al lopital avek timoun yo chak ekzamen yo ban'm fe m'rele madam nan li toujou mennen'm al fe'l. Jiskaske le'm nan machin nan l'ap pale ave'm li di'm konsa:" Ka pa'w la m'tande y'ap pale de li wi. Ou gendwa pa menm, yo gendwa pa menm repeye kay pou ou anko yo gendwa tou ba'w on kote definitive pou'w rete. Paske ka tibekiloz avek 2 timoun yo pran sa an chaj anpil se sa'k fe'w we w'annik rele". Yo di'm ale nan Jeskhio ave yo al fon ekzamen paske yo t'ap plede gen lafyev detanzantan, gen lafyev, gen lafyev ap plede touse touse san rete. Epui le'm esplike madam nan sa li di'm konsa, "Ale Jeskhio ave'l pandan'w lopital la ekzamen an fin fet tou rele nou depi ekzamen an pozitif m'ap re, annik rele'm di'm sa". Vreman vre le'm rive Jeskhio m'fe ekzamen an li pa menm tann mwen rele'l li relem. Li di:" Koman ekzamen an ye?" M'di:" Yo fe tes la". Pase s'on bahay yo pike yo epi yo make avek on bagay epi apre on 1ed tan bahay la vin, li chan, li chanje koule. Epi yo di tibekiloz la nan san yo. Epi m'rele madam nan m'di'l sa li di'm ebyen ok. Li di'm imedyatman ou rive lakay ou rele'm. Vreman vre le'm rive nan tant lan epi'm rele'l epi nan demen si Dye ve li vini kote'm li di'm:" Ou met al cheche kay wi. Yo pran ka pa'w la an konsiderasyon men vreman moun ki a la tet la ki pou ta fe tout ok yo pou ou touswit lan li pa la. M'ap o, m'ap organize bahay yo pou ou". Paske'm we timoun yo, sitou pou ti bebe a li te gen 3 mwa, lot tifi'm nan gen 3 zan . Li di:"M'ap amelyore bahay yo pou ou, m'ap fe'w konnen". Epi vreman vre m'al cheche kay lan y'al peye kay lan pou mwen. Epi dam nan'k te fe'm jwenn kontak lan le'm rele'l m'di'l m'pa jwenn 1000 dola non li di:" Oo ou pa rele moun yo, epou'w toujou rele yo jiskaske pou yo ba ou'l wi". Li di'm konsa:" Menm mwen menm de tanzantan m'ap pale pou ou paske m'pa ta renmen le yo fin fe'w fe fem sa apresa pou yo ba'w vag. Paske timoun yo pa ka ret nenpot kote". Pi gran tifi'm nan tout ko'l se bouton. Ti bebe a te fet byen pwop*

kounyan la li fenk gen 2 zan la tout ko'l komanse gen bouton tou. Tout lopital m'al ave yo yo di'm s'on aleji men yo pa jamm we aleji a kisa. Mwen enm mwen di konsa eske epa kote'm te ye a, tè a paske s'on tè'l te ye ki fe po yo gate konsa. Oswa tou eske e pa jem maladi a ki toujou nan san yo ki fe sa. Epi le'm vin ap cheche kontak dam nan m'vin pa janm jwenn li m'pa konnen si e travay la'l kite m'pa konnen. M'pa janm jwenn li anko depi le kay la fin peye a m'kwe. Apre kay la fin peye a m'ta'l lopital ave yo 2 fwa yo te fe'm al fe ekzamen yo apresa m'pa janm jwenn kontak yo anko dutou, dutou, dutou juska preznan. Men dam nan te byen pale ave'm li di'm jan'l we y'ap pale de ka pa'm nan anndan yo pran'l an konsiderasyon. Y'ap fon jan pou yo we si yo te ka, li te di'm konsa nan nan, yo konn pase kay sa yo nan televizyon. Kay yo fe, kay pwoje yo fe yo. Li te di'm konsa y'ap pale y'ap we si yo te ka fe'm benefisy'e youn pase'm pa ka viv avek timoun yo nenpot kote pase tibekiloz la nan san yo. M'fe 6 mwa Jeskhio m'ap swiv ansanm avek yo.

Kom ou gen te yo pat ba'w opsyon yon shelter oubyen yon kay?

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Anyen menm m'te di'l sa. Yo te mande'm sa le le yo t'ap pale ave'm m'te di sa. Yo te di'm bon y'ap e kom sa frech m'met fe fem nan pandan'm nan fem nan y'ap rele'm pou yo di'm sa k'ap fet. Yo tou pa janm rele'm anko m'pedi kob la.*

Ok. Nou remesy'e chak moun ki te fe deplasman vin fe ti pale ansanm ak nou la a. Nou sanse fini la. Men si nou menm nou gen kek bagay nou anvi di pa gen pwoblem n'ap kontan koute nou.

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Bon mwen enm kesyon m'tap atann ke nou menm nou t'ap al poze la. M'te met nan tet mwen ke nou ta pral m'panse, kesyon nou ta pral di ke si an ka ou organizasyon sa ta panse fe yon lot bagay pou nou kisa li t'ap ye?*

Bon nou te di sa kle depi nan komansman an yo te gentan anfeme kay pou nou. Nou panse pwogram nan kanpe la. Si gen lot bagay yo ap fe nou pa konnen paske nou pa manb OIM.

(Plizye moun t'ap pale pandan entevanan an t'ap reponn.)

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Komsi an apre, si an ka yo ta panse fe on bagay pou nou anko an apre kisa li t'ap ye?*

Bon anpil moun la te reponn kesyon sa, yo t'ap di kisa yo t'ap swete ki fet. Yo te di li t'ap bon si yo mete yo nan yon kay. Fe nou bay yon ti kob chak mwa. Nou menm anko nou te pataje ide sa yo la.

#4 Jean Marcel Augustin, gason, 30 ane, 2 timoun , mason, 9yem ane, IOM: *Wi se sa'm te mande.*

Bon mwen enm, wi m'tap di swa on kay oubyen ke si organizasyon an we li te ka panse on lot fason pou nou. Ke li ta chwazi on fason pou nou ke li ta fe nou komsi benefisyé on kote si pwop nou menm nou te ka benefisyé. (Wi definitivman) Si ta manke on fon nou te ka antre'l avek pwop kouraj pa nou, swe pa nou m'panse li t'ap anko mye.

Bon jan nou di an, nou pa bezwen li ban nou kay la. Sa nou bezwen se ke li ta fe nou jwenn posiblite gen te a nou menm nou t'ap degaje nou pou nou gen kay la depa nou menm?

Piblik: *Bon s'il ta panse fe nou jwenn kay la li t'ap tre bon pou nou . Jan PPMS konn fe sa.*

#3: *PPMS konn fe sa. Li fe kay la epi w'al ladan ni epi'i'w peye'l ou bay on ti pousantaj jiskaske ou fin organize yo. Li t'ap byen bon pou nou. Ou konprann? Li t'ap byen bon pou nou le sa t'ap gen on soulajman pou pou pou malere ak malerez men fok li, fok leta te ka fe travay li.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Pou byen di'w nan peyi a depi'i'w g'on ti kote (Pase peyi a, pa gen travay nan peyi a.) li rele'w chemet chometres. Menm le'w leve on jou ou pa manje ou pa'p telman paret sakaje twop. Pi gwo pwoblem nou, pi gwo pwoblem ki mete on tet fe mal detanzantan nan tet nou ki la se kay la. Pase depi gen kay la kounya ou pa pral panse pou kay non le'w gon monnen nan men'w w'ap panse pou'w f'on bagay pou'w f'on bagay nan kay la. Men depi'i'w we'w pa gen kay la, depi'i'w we ou rive nan mwa ou te anfeme kay la. Depi anvan'i'w rive nan mwa a depi'i'w pral antre nan peryod mwa a m'met di'w ou malad. Domi koupe pou ou si'w te konn domi ou leve a 5e di maten kounya tout lanwit w'ap pantan se sa'k nan tet ou selman. Se chema sa'k nan tet ou se dominasyon sa'k nan tet ou.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Sa'k pi bel la kay la peye Septanm lekol ouvri Septanm.*

(Plizye patisipan ri)

Sa se sitiyasyon pa'w oubyen se pa tout moun?

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Pou nou tout, nou tout net. Lekol Septanm kay peye Septanm. Sa vle di le ane ap chanje li chanje a tout bagay yo net.*

Sa vle di la se an Septanm yo te lwe kay pou nou tout la?

Piblik: *Wi, Septanm.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Kom mwen enm e an mwa'd Mas m'te antre le pa'm nan pase.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *W'ap mande kot kob kay la ap soti, kob lekol pou'w peye lekol la. Imagine'w m'leve m'pa leve nan on paran ki gen aktivite. M'gen timoun m'pa ka di jan ke paran'm te leve'm nan m'pral leve yo konsa. Mwen met nan tet mwen fo'k mwen panse on lot jan pou timoun yo jan ke mwen leve a pou timoun mwen pa leve konsa. Fo'k mwen pouse yo lekol demen pou yo pa di bon manman'm te konn fe lesiv mwen enm m'pral fe lesiv. Mon! (Li pa fe sans, li pa bel.) Fo'k li kapab anplis mwen. Fo'k li kapab chita sou on biwo menmjan a tout moun pou'l travay. Fo'k li kapab chita sou on laptop li travay menmjan ak tout moun. Men m'pa ka di sa paran'm fe'm pou'm fe yo tou fo'k mwen pouse yo lekol.*

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM *Kay mwen bout 13 Sektanm menm 13 Sektanm nan yo vin mande'm lajan. Yo pa kite'm fon jou, on segond, menm 13 Sektanm nan wi yo vin mande'm kob la.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Imagine'w m'fe reto depi 2005 m'al nan ekzamen. Depi 2005 wi m'al nan ekzamen m'pa bon. Menm 2005 lan manman'm, papa'm, manman'm ap fe komes papa'm pa fe anyen papa'm s'on moun ki asmatik ki opresyon. Sa vle di manman'm li gen 9 pitit 3 fi 6 gason. G'on gason'k sot mouri tou denyeman la nan aksidan machin nan. Men se nou mwen menm*

manman'm papa'm 2 ptit mwen yo avek yon fre'm k'ap viv ansanm. M'rive nan reto m'te komanse pran kou enfomatik lan m'ven pa kapab m'kanpe. M'ven ap fe aktivite m'te gendwa m'chwazi m'ale nan on kou apre midi. Men gen moun pouvi ke yo gen papye reto papye sesi papye sela ya pap fe nenpot bahay. Mwen enm tan ke pou'm rete m'rale tab mwen m'met duri, m'met pwa, m'met lwil m'fe komes. Men sa'k fe komes mwen vin an bes? Paske pa gen on fon. Fem nan te fini pou mwa'd Mas ane pase mannik tou al jwenn manman'm. Yo potko leve manman'm nan tant pa'l la m'al jwenn li. Tout le'm nan tant pa'l la m'ap fe ti bahay yo, m'ap bahay mwen. Men sa'k vin pi kraze'm la ki kraze komes la, li pa kraze two lontan non. Sa'k vin pi kraze'l la se lanmo a. Se lanmo a'k mete'm a zewo net. Kounyan m'pa gen anyen dutou. Aksidan an fet, manman'm kite komes pa'l la li ret lopital la avek fre'm nan mwen menm m'ap degaje'm lanmo a vin fet ti res sa'm te genyen an m'antre ave'l nan kay. F'on anteman menm le'w tandé tout sa'w tandé gen bon moun toujou. Moun nan fe anteman an pou nou nou te vese'l 10.000 dola nou rete 10.000 dola pou nou ba li. Li di nou li pa gen pwoblem ofiramezi [1] ba'l on ti bahay ba'l on ti bahay paske'l konn bahay yo, koman bahay yo ye pou jis tann fini. Menm le'w ta g'on bahay nan men'w ou pap panse al fe komes la paske menm le moun nan di'w l'ap pran pasyans l'ap pran pasyans se lom li ye on le'l gendwa leve'l di'w pasyans li fini. Men kay rive nan ko'w, esa'k fe le yo di'm OIM rekomanse pwosesis la m'di konsa si'm te jwenn 4000 dola pa'm nan m'tap fon jan kote'n komanse leve blok la nou ta pral mete men ladan ni pou'n fini'l, menm 2, 3 tol nou te komanse genyen. G'on fre'm ki te on kote yo fe'l kado on 10 fey tol nou komanse leve blok nou gentan ,nou te gentan fe yon makadanm. Sa vle di se, m'gentan di si'm ta si'm te gentan, ou konn depi e te novanm m'di si'm te gentan jwenn ni nan Desanm nan si yo te gentan rele'm m'tap annik tou al fini'l epi'm tou antre ladann. M'ta konnen dosye sa m'retire'l nan tet mwen. Paske afe kay s'on maladi'l ye pou tout malere malerez s'on malady. On maladi toutotan'w poko g'on kote'k rele'w chemet chometres ou pa gen medikaman pou maladi sa. Paske peyi a ofiramezi se pi di l'ap pi di se pi mal l'ap pi mal. Sa'k te pi mal sa'k te on ti jan ap vin pi mal ap pi mal, pi mal, pi mal. Se sof bon Dye selman ki konn fe mirak on bon jou'w gendwa leve on mirak fet pou ou (On machin klaksonnen) si'w pa gentan mouri. Men si ke'w pral di se leta k'ap dis k'ap dat negative. Si'w se fi pa gade sou nivo etid ou pa gade sou klas ou fe fe sa'w we'w ka fe. Menmjan demwazel la di'w li fe lesiv mwen enm m'gen dwa'm pa gen fos pou'm fe lesiv la si s'on bout sak diri m'ap met sou tet mwen pou'm ponmennen m'ap ponmennen'l. Paske'm gen 2 ptit fi m'rive nan reto m'kanpe'm pa ka avanse. M'ta renmen yo menm pou yo fe filozof yo pou yo chita nan on buwo pou yon an luks. Epa le e malerez ou ye ou pa panse pou ptit ou malerez. Ou panse pou ptit ou yon jan le'w

granmoun ou ti granmoun ou chita si Bon Dye pemet ou gen lavi toujou. Pou ptit ou ka fon bagay pou ou. G'on lot bagay anko le w'ap leve ptit fi ou pa ka rete nenpot kote men le e malerez ou ye ou pa we lot kote pou'w rete se nan geto a. (Hhm) E geto a'w ka peye. Betiz la nan tet timoun nan l'ap tandem. Goumen tout jounen madanm ap bat mari sesi sela. Menm le lakay ou a konsa wi, pase ti ptit mwen an di'm konsa g'on timoun nan lekol la on timoun 4 an wi. Li di g'on timoun ki nan lekol la ki pichkannen'l li di timoun nan poukisa'w pichkannen'm nan m'ap pote madam nan plent pou ou. Timoun nan di: "Si'w pote madam nan plent pou mwen ou we yeswa papa'm te bay manman'm on sel kout". pye (Ri), li di: "m'ap ba'w on sel kout pye nan lekol la epi le fini m'annik met valiz mwen sou do'm m'kouri. Bondye fe tou m'konnen papa'm konn al nan mawon m'al nan mawon tou". Sa vle di menm lekol w'ap met timoun nan le e malerez ou ye gen de lekol ou pa ta met timoun ou. Men ou pa genyen sa'w fe? W'oblje. Kom mwen enm se kretyèn mwen ye m'toujou ap priye bon Dieu jan ke m'leve pou ptit mwen la toutotan l'ap kite ti bout tan l'ap banm pou'm viv la. Banm fos a kouraj pou ptit mwen pa leve konsa.

Bon mesi nou ap fini kounya, nou pral ban nou fre patisipasyon an.

(Plizye moun ap fe ti pale epi ri ant yo)

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Paske vi a, ofiramezi vi a e pi di l'ap pi di. Men otorite ki organize sa a ki rele nou nan chita pale sa maten an. Nou santi nou tre kontan, tre kontan, tre kontan. M'kwe nou tout la g'on sel objektif se la, se yon kote definitiv si'n te genyen'l. Si organizasyon an te fe nou jwenn li moun ki g'on ti kote deja mete'l pou li. Moun ki g'on bagay l'ap fe ede'l avek li. Si tout otorite, organizasyon te panse konsa m'byen kwe t'ap gen mwens pwoblem. Te ka g'on lot pwoblem men pwoblem sa a sikatris sa k'ap tuyé preske majorite katye popile geto pov yo li t'ap amelyore. E le plu souvan sa rann moun yo pi chime pi frajil. Paske imagine'w moun nan pafwa'l konn ap gade nan ki eta l'ap viv yon lot l'ap viv yon lot fason. Pafwa moun nan k'ap viv yon lot fason pluzoumwen pase'w la li redi anpil men pouvu ke oumenm virus la nan tet ou, li fe tet ou gwo ou pa we sa pou'w fe se kraze brize. Men gen moun nan tou ki gendwa we sa. Ou pa dwe mete sa nan tet ou jus si se on sak chabon'w we'w ka vide ate ou mare ou mare'l. Si w'achte on sak chabon pou 120 dola ou mare'l ou fon 30 dola anplus w'ap fon bagay avel. Men lojik chak tan m'toujou renmen di sa tan ke pou y'ap plede pote manje pou ou, pote manje pou ou pito*

yo ba'w fe manje a pito. Ke chak tan pou y'ap ba'w on pla pla bel devan ou manje'l apre on ti moman'l fini.

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Pase pou yo ba'w on grenn pwason chak jou pito yo montre'n peche.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Bon montre'm peche paske chak tan'w rete'w banm on grenn, g'on le s'on grenn w'ap jwenn* (W'ap fatige, ou pap banm ladan.) *ou pap ban mwen'l, ou pap ban mwen'l. Pito ou gen ti kote a menm le'l kwense men ou konnen li pou ou.*

#1 Venante Eloissaint, Fi, 29 ane, 3 timoun, anyen, prime, IOM: *Li pou ou, oumenm w'a goumen w'a konn sa w'ap fe.*

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM: *Gen anpil moun ki pran echeck se sa. M'ap fe on senp lojik pou'm fini pou'm bay yon lot moun ki ta vle di on bagay. G'on lot, g'on lot bagay ki kraze anpil malere malerez. Imagine'w nan on ane pa ekzanp on ekzanp on ane ou konnen on ane ou fe pi piti on 15.000 on 20.000 dola. Oswa bon oswa on 10.000 dola pa ane. Pa ane on fe 10.000 dola ou pran on kay pou 5.000 dola echeck a vi pou ou. Ou pap janm f'on bagay serye. Nan on ane si'w gen 10.000 dola pi piti pou'w ta retire ladan pou on kay se 3000 dola wi bon pa menm 3000 dola menm kom pi piti. Ou konnen 7000 dola pou'w fe tout res sa'k gen pou fet. Pou lopital pou sesi pou sela pou bo lotbo. Men moun nan depi'l fenk jwenn on kote li we'l f'on 10.000 dola on 15.000 dola pa mwa li gentan di bon se nan on kay 10.000 dola pou'l ye li gentan f'on pwoje 10.000 dola. Pwoje a l'ap vini on sel ane apresa ou pap janm kontinye'l anko w'ap pran echeck. Gen anpil malere malerez esa'k kraze yo. Pafwa pa fe moun we, jis fe tet ou plezi ofiramezi ofiramezi ofiramezi le bon Dye ka fe'w a la wote w'a a la wote. Men toutotan'w we'w ka ba, ou ba se ba pou'w leve, epa on sel kou w'ap leve.*

(Ti zwazo kontinye ap chante pandan patisipan t'ap pale.)

#3 Jules Emmanuel Mondesir; gason, 58 ane, 3 timoun fewonri, prime, IOM: *Se 2 pwoblem k'ap domine malere wi an Haiti se lekol avek peye lwaye. Peye lwaye a Selman toujou pwoblem. Le'w fin peye lekol pou'w ap aranje'w pou'w peye lwaye. Ou gen lekol la pou'w peye chak mwa, lew gade'w we timoun nan yo voye'l tounen lekol. Li pa bon e oumenm kounya w'ap degaje'w pou lekol w'ap degaje'w pou kay w'ap mal*

manje. Bon pafwa ou pa ka fe youn nan yo paske pou'w fe'l fo'w ap travay bon si'w pap travay. Gen de pafwa ou g'on fanmi'k konn ede'w pafwa men pa toutan.

(Ti zwazo a toujou ap chante)

#5 Manoucheka Prisme, Fi, 30 ane, 2 timoun , komes, Reto, IOM:....*Se pa'w ki di'w la verite.*

Ok nou di tout moun mesi anko, nou ap rapote sa nou di yo la bay OIM pou yo fe swit nesese yo.

FEN

NOT YO

[1] Pe a pe